

VWAYAJ POU JWENN
LESPWA: MIGRASYON
FANM AYISYÈN POU RIVE
TAPACHULA, MEKSIK

SENTÈZ EKZEKITIF LAN



CENTER FOR
Gender & Refugee
STUDIES

Vwayaj pou jwenn Lespwa: Migrasyon Fanm Ayisyèn pou rive Tapachula,
Meksik. Sentèz Ekzekitif Lan

© 2021, Center for Gender and Refugee Studies
Tout dwa rezève.


Dokiman sa a bibliye nan vèsyon orijinal li sou sit entènèt yo nan Center for Gender and
Refugee Studies, Instituto para las Mujeres en la Migración, ak Haitian Bridge Alliance, epi se
sèlman avèk pèmasyon ke li ka bibliye yon lòt kote. Tanpri kontakte cgrs@uchastings.edu pou
plis enfòmasyon.

ISBN 978-1-7362004-5-2

Sant pou Etid Sèks ak Refijye
Inivèsite Kalifòni, Lekòl Dwa Hastings
200 McAllister Street
San Francisco, CA 94102
<http://cgrs.uchastings.edu>

Sitasyon nan Rapò sa a ta dwe fèt konsa:

S. Priya Morley et al., Vwayaj pou jwenn Lespwa: Migrasyon Fanm Ayisyèn pou rive Tapachula,
Meksik (2021)



Rapò sa a dedye a migran Ayisyen espesyalman fanm ak tifi yo ki kontinye ap viv oMeksik an kèt yon lavi san danje, dèyè yon ti souf lapè, travay, ak ledikasyon.

Nou sonje'w (We remember you).

REMÈSIMAN

PRENSIPAL ANKETÈ & OTÈ

S. Priya Morley, Loreya Dwa Zimen Mondyal Arthur Helton, Fakilte Dwa Delòm NYU
Nicole Phillips, Direktris Jiridik, HBA

KO-ANKETÈ & OTÈ

Blaine Bookey, Direktris Jiridik, CGRS
Molly Goss, Chaje Dosye Fanmi Transnasyonal, IMUMI

OTÈ KONTRIBITÈ

Isaac Bloch, Asistan Jiridik Pogram lan, CGRS
Brynna Bolt, Estajyè Jiridik, HBA & Manm, Hastings pou yon Patenarya avèk Ayiti

RECHÈCHÈ KONTRIBITÈ

Yusuf Abdulkareem, Estajyè Jiridik, IMUMI
Franceska Konner, Estajè, HBA
Katherine La Puente, Benevòl, IMUMI

Entèvyou ki dekri nan rapò sa a te reyalize an mas 2020 nan Tapachula, Meksik avèk sipò etidyan UC Hastings sa yo: Susana Aguilera, Irella Blackwood, Brynna Bolt, Carlisle Englehart, Christina Ennis, Shayda Golshan, Emma Hyndman, avèk Alison Steffel.

Otè yo rekonesan pou konsèy ak lòt asistans moun ki site la yo te bay: Sophie Breen, Lorena Cano Padilla, Moira Duvernay, Elizabeth Fulton, Ellie Happel, Lizeth Margarita García Ríos, Guerline Jozef, Staveline Julien, Helen Kerwin, Gretchen Kuhner, April J. Mayes, Enrique Vidal Olascoaga, Kimberly Osias, Nicole Elizabeth Ramos, avèk Valeria Scalisse García.

Revizyon avèk verifikasyon sitasyon yo te fèt gras: Susana Aguilera, Brynna Bolt, Nina Harris, Emma Hyndman, Franceska Konner, Felipe Navarro-Lux, avèk Alison Steffel.

Travay entèpretasyon ak tradiksyon te fèt gras ak sipò: Victor Adame, Susana Aguilera, Isaac Bloch, Blaine Bookey, Nadege Cherubin, Jeremy Dupin, S. Priya Morley, avèk Nicole Phillips.

Se Miriam González Sánchez ki te fè fòmataj ak piblikasyon dokiman sa a.

Konsepsyon: Isaac Ávila, Ramon Arceo.

La realización de este informe fue posible gracias al apoyo de las fundaciones: Open Society Foundations, Heinrich Böll Foundation y Foundation for a Just Society.

KONSÈNAN OTÈ YO

El Instituto para las Mujeres en la Migración, A.C. (“Enstiti pou Fanm Migran” oswa “IMUMI”) se yon ONG nan peyi Meksik k ap pledwaye pou fanm migran ak fanmi yo nan zòn Meksik, Etazini, ak Amerik Santral. IMUMI touche zafè ki konsène fanm migran onivo estrateji legal, rechèch, kominikasyon, ak pledwari l fè. IMUMI kolabore avèk lòt òganizasyon sosyete sivil yo, enstitisyon akademik, ak gouvènman pou pledwaye sou sa ki gen arevwa ak migrasyon espesifik sou kesyon jan an epi sou politik dwa zimen.

Haitian Bridge Alliance (“HBA”) se yon òganizasyon kominotè benevòl k ap fe pledwari pou yon politik imigrasyon pi jis, pi imèn epi konekte migran ak sèvis imanité, legal, sèvis sosyal ki travay pi patikilyèman sou migran Nèg, kominote Ayisyen, fanm, moun LGBTQIA+, avèk sivivan tòti ak lòt abi dwa zimen. Depi 2015, HBA ap bay demandè dazil ak lòt migran sou fwontyè Etazini-Meksik lan, sant detansyon ameriken yo, ak nan pwosedi imigrasyon ameriken yo sèvis. Jan Kofondatris, Direktris Ekzekitif HBA Guerline Jozef di: “Nou te ale sou fwontyè amerikano-Meksik lan pou ede frè ak sè Ayisyen yo, men nou te wè Afriken ak pèp Amerik Santral yo nan bezwen tou. Nou te rete pou tout moun.”

The Center for Gender & Refugee Studies (“CGRS” – Sant pou Etid Jan & Refijye), chita nan Inivèsite Kalifòni Fakilte Dwa Hastings, pwoteje dwa fondamantal moun refijye, fanm, timoun, kolektif LGBTQ, ak lòt moun k ap kouri sove pou pèsekisyon nan peyi lakay yo. Fondanatal pogram Sant lan enkli fòmasyon avèk asistans teknik, litij, politik ak pledwari. Depi l te fonde an 1999, CGRS ap patisipe nan inisyativ UC Hastings met sou pye pou avansman dwa moun ak yon eta dedwa ann Ayiti atravè echanj akademik, vizit dankèt sou dwa zimen, ak lòt travay toujou.

Avanpwopo sou Vwayaj pou jwenn Lespwa: *Migrasyon Fanm Ayisyèn pou rive Tapachula, Meksik*

*“Lè m eseye soti, ankenn machin pa kanpe pou mwen malgre yo wè m ansent.
Si m bezwen al nan sant sante a, m mache ale. Nou pa gen dwa isi a.”*

Sa se eksperyans yon fanm Ayisyèn k ap viv Tapachula, Meksik kote li menm ak demilye menm jan avè l te vwayaje pase nan sèt rive onz peyi diferan, swa depi Brezil swa Chili apre yo te fin sove kite Ayiti, men yo retwouve yo lage san sipò, izole, epi majinalize atoulè nivo. Tapachula se yon vil tou pre Gwatemala ki sèvi kòm yon espas tranzit pou migran Ayisyen pandan y ap ret tann papye k ap pèmèt yo vwayaje al lòt kote. Gen ladan yo k ap vize rive Etazini pou y al mande azil.

Rapò sa a dokimante endiyite migran Ayisyen ak fanm refijye yo sibi toulèjou sou wout yo ankèt yon refij pou yo rete, epi li ofri nou plis limyè sou rezilyans enstrawòdinè moun yo devan tout obstak yo kontre. Youn nan pi gwo fòs Rapò a se apwòch transvèsal li nan mete anfas makònay enpak estrikti patriyak, rasyal, ak zenofobi ki predominan nan eksperyans fanm Ayisyèn lan. Fanm sa yo pa sèlman bije navige obstak legal ak sosyal difèt yo se resòtisan etranje, men yo dwe fè fas tou ak entolerans ki egziste nan rejyon y ap travèse yo epi kote y ap eseye tabli yo an. Jan rapò an souliye an, pami lòt pwoblèm toujou, politik rasis, zenofòb Etazini enplemante an depase teritwa l paske yo soutrete politik sa yo bay Meksiken ak lòt otorite pou yo ekzekite byen anvan refijye ak migran yo menm pwoche fwontyè Etazini an.

Kwak gen anpil literati sou dwa zimen ak imanité konsènan vyolasyon migran ak refijye y ap sibi nan Amerik yo (ak lòt kote), kèk grenn sèlman reyalize travay Rapò sa a fè nan mete an gran plan pratik ak enpak espesifik rasis anti-Nèg jan Ayisyen sibi a epitou ki dekri rezilta tretman sa yo kòm kwa se ak zannimo yo ann afè, pa moun, èt imen de bra balanse. Pou jefò pledwaye nan defans refijye ak migran sa yo rive vreman fè yon enpak, fòk dabò demach la rive idantifye non estriskti ki pèpetre opresyon moun yo fè fas avè l la, tankou sistèm anti-Nèg lan.

Rapò sa a makònnen entèvyou ak bon jan analiz, pa sèlman kadre kesyon migrasyon ki sot Ayiti nan yon kontèks pi laj avèk sa k ap pase nan Amerik yo, men jan nou te mansyone l deja, li fè yon bèl rale sou defi klè ki kwaze plizyè sektè ansanm, fanm migran Ayisyen yo rankontre nan Tapachula. Apre tranbleman detè 2010 lan, enstabilite politik, ekonomik san pran souf mete ansanm ak vyolasyon dwa moun alawonnbadè pouse plizyè milye moun pati ale kite Ayiti. Patikilyèman pou fanm ak tifi, lavi an pa pratik menm anba yon leta disfonksyonèl, yon ansyen sistèm patriyakal ak vilnerabilite entrensèk yo pou viktim vyolans. Pandan anpil te jwenn refij Obrezil oswa Chili okòmansman, men depi 2015 avèk politik imigrasyon ki vin pi rèd, ekonomi an ki andegraba avèk diskriminayon k ap grenpe monte kote sa yo, fanm Ayisyèn yo te pati ale. Fwa sa a yo pran wout pou Meksik avèk lespwa ya rive sou fwontyè Etazini. Wout lan, penib otan l koute yo chè, egzije yo travèse demilye kilomèt pou travèse Pewou, Kolonbi, janbe Baryè Darien an pou antre Panama, epi pase Kosta Rika, Nikaragwa, Ondiras, avèk Gwatemala sou yon dire ki pran plizyè mwa.

Kou fanm Ayisyèn yo resi rive Tapachula, fò yo degaje yo navige sistèm imigrasyon an ki pa ni janm resevwa ni te pare pou trete demilye migran ki pa pale Espayòl. Mank Entèprèt Panyòl-Kreyòl rann pwosesis demann azil lan pi difisil pou migran Ayisyen

yo rive konprann dwa yo, monte dosye yo epi cheke nan ki pwen aplikasyon yo ye. Diferans Langaj la se yon gwo baryè tou nan jwenn travay, benefisye sèvis sosyal, epi gen aksè asistans legal ak imanité. Mank sipò konsekan sa a pi agrave santiman anti-Nèg ak zenofobi otorite Meksiken yo, ki koz reta epi fè desizyon sou demann Ayisyen yo abitrè nèt. Popilasyon Meksiken an pèsevwa migran Ayisyen yo tou kòm kwa rezon demach yo denati ekonomik olye yo wè yo kòm *veritab* refijye.

Rapò sa a mete anvalè miryad defi legal, sosyal, fanm Ayisyèn yo jwenn nan jefò pou yo rive entegre yo epi diskriminasyon rasyal, zenofobi nan estrikti, politik, ak pratik anplas yo ki oprim abò ta parèt san paspouki. Sa ki egalman enpòtan sèke Rapò a idantifye tou rekòmandasyon tanjib e konkrè otorite leta ak aktè ONG yo tankou òganizasyon imanité ak dwa zimèn ka pran pou pale sou kondisyon soufrans ak enjistis ki souliye la yo. Fanm ki reprezante nan paj Rapò sa a merite ekzekisyon tout rekòmandasyon ki fèt yo san wete anyen.

Rapòtè Espesyal Nasyon Zini sou fòm rasis, diskriminasyon
rasyal, zenofobi ak lòt tip entolerans kontanporen
Oktòb 2020



SENTÈZ EKZEKITIF LAN

Nan de dènye lane ki sot pase yo, Meksik fè eksperyans yon monte kolosal migrasyon ki soti Ayiti. Kantite dosye azil Ayisyen ogmante soti nan 76 pou lane 2018 lan rive nan 5,550 an 2019, apre yon sèl kout monte nan mwa jen 2019 la. An janvyè 2020, 400 aplikasyon azil sou 462 ki te depoze Tapachula, Meksik, yon ti vil tou pre fwontyè Meksik-Guatemala, te gen arevwa ak dosye Ayisyen sèlman. Kontrèman ak lane avan yo, anpil migran pat kapab rive nan destinasyon yo te gen lentansyon atenn lan kivedi—fwontyè Etazini-Meksik la. Politik Meksik ak Etazini, lwa sere boulon imigrasyon, avèk mank resous sistèm imigrasyon Meksik koz demann azil oswa tretman lòt dokiman ofisyèl pou Ayisyen pa ka fèt nan yon tan apwopriye kòm sadwa, kifè dèmilye Ayisyen bloke nan oswa ozanviwon Tapachula. Santiman anti-nèg avèk zenofobi nan peyi Meksik, anplis tout twoma kolektif migran Ayisyen yo viv sou pakou migrasyon an fè yo santi yo pè, yo nan izolman, epi y ap sibi anpil derespè.

Rapò sa a envestige (1) obstak migran Ayisyen fanm rankontre nan demach pou yo jwenn èd imanité ak pwoteksyon legal nan Tapachula; epi (2) ki lyen ki egziste ant obstak sa yo ak diskriminasyon, anrapò ak zafè sèks moun lan, rasis k ap fèt kont nèg, avèk fenomèn zenofobi an. Rapò a eskise entèvyou ki te fèt avèk 30 migran Ayisyèn (29 fanm epi yon jèn tifi 17 tan) nan mwa mas 2020. Moun ki te fè entèvyou yo te pataje istwa migrasyon yo ki te mennen yo nan Tapachula, santiman izolman yo viv ak difikilte yo jwenn pou yo gen aksè ak sèvis imanité, pè yo genyen pou yo pa retounen Ayiti, epi finalman, tout kalte baryè yo te fè fas avèk yo sou kesyon pwoteksyon legal, ki enkli obstak lang, diskriminasyon sou baz sèks, rasis kont nèg, ak zenofobi. Rapò a tire enfòmasyon tou nan entèvyou avèk gwoup pledwaye pou migran yo ak biwo k ap founi sèvis legal nan Meksik ak Chili, ansanm ak lòt sous tankou dwa zimen ak lwa imigrasyon Meksik, Brezil, Chili, Etazini pou plis kontèks.

Kwak 30 entèvyou ka parèt yon ti echantiyon tou piti, lè n konsidere koyerans ak konfimasyon done ki resevwa nan men biwo pledwari ak founisè sèvis yo, istwa fanm sa yo reflekte eksperyans fanm Ayisyèn nan Tapachula alawonnbadè. Pi ba a, gen yon rezime tout rezilta Rapò a.

A. Sove Kouri Kite Ayiti epi Migrasyon pou Meksik

Nan dènye di zan ki sot pase yo, de milye Ayisyen sove kouri kite peyi yo akòz enstabilite politik, ekonomik, ansanm ak vyolans politik, gang, ak enpinite jeneralize k ap grenpe monte. Depi tranbleman tè katastwofik ann Ayiti an janvyè 2010 ki te touye plis pase 200,000 moun epi te koz plis pase yon milyon san kay, enstabilite politik san pran souf depi lè a kontribye ak degradasyon dwa zimen. Yon polis nasyonal mal finanse, kowonpi, avèk yon sistèm jidisyèl san kolòn vètèbral pèmèt politisyen a tout nivo aparèy leta a gen rekou ak vyolans pou akapare epi kenbe pouvwa a avèk enpinite. An menm tan, yon seri dezaz natirèl, ki vin deplizanpli pi pwisan, pi frekan akòz chanjman klimatik yo, depafini pwovizyon manje, enfrastrikti, ak ekonomi ann Ayiti. Enstabilite politik, dezaz natirèl, mizè jeneralize, enpinite dwa, avèk pratik pouvwa patriyokal, diskriminasyon toupatou rann fanm Ayisyèn lan vilnerab ak vyolans seksyèl ak vyolans sou baz sèks (“SGBV”).

Plizyè faktè pou se fanm kite Ayiti nan ane apre tranbleman tè a. Preske tout fi ekspriye nan entèvyou yo pè retounen Ayiti akòz vyolans k ap vale teren, enkli kadejak ak kidnaping k ap fèt. Anpil dekri eksperyans pèsekisyon politik yo te sibi.

Jan yon dam di, “Gouvènman Ayisyen pa travay youn ak lòt, li detwi. Ou pa ka travay, pa gen sekirite, pitit nou pa ka al lekòl. Y ap boule lekòl yo, gen manifestasyon nan lari, mizè. Nou pa kapab viv la.” Yon lòt dam eksplike li menm, “Mwen pè anpil... Menm si m obije retounen, m ap kouri kite l ankò.”

Nan 30 fanm Ayisyèn yo entèvyouwe pou Rapò sa a, nèf te emigre dirèkteman sot Brezil pou al Meksik, pandan gen 21 se Chili yo te soti. Nan sa ki sot Chili al Meksik yo, pi fò te viv la pandan yon espas 18 mwa rive de zan anvan yo t emigre al Meksik.

Avèk yon politik imigrasyon pi lach ki te vin anplas, Ayisyen kòmanse migre al Brezil pa milye, swit apre goudougoudou 2010 la ann Ayiti. Ant 2010 rive 2018, yo fè konnen 128,968 resotisan Ayisyen te al Brezil. Men depi 2017, to chomaj Brezil monte a 13.1 pousan, epi apeprè 30,000 Ayisyen vin kite pase pa t gen. Chomaj, zenofobi, atitud rasis kont nèg, ansanm ak règleman pi di sou mwayen pou jwenn rezidans, tou sa fòse anpil Ayisyen pou swa pa pase Brezil ditou oubyen kite l nèt al chache òpotinite ekonomik Chili.

Yon fowl Ayisyen vide antre Chili depi lane 2014 an pati akòz lwa imigrasyon anplas ki te pèmèt sa sou ansyen Prezidan Chili an, Michelle Bachelet. Selon rapò desanm 2019 la, gouvènman Chili an estime gen 185,865 Ayisyen (66,797 ladan yo se fanm) ki rezide Chili. Ayisyen koulyea reprezante yon tyè popilasyon etranje pi elve ki rete Chili, apre Venezwelyen ak Perivyan. Sepandan, Ayisyen k ap viv Chili yo jwenn diskriminasyon, kidonk parapò ak sa, anpil gwo obstak anpeche yo rive entegre nan peyi a. Nan yon etid ki te fèt an 2015, 48 pousan Ayisyen yo te entèvyouwe (33.8 pousan ladan yo se fanm) te fè eksperyans diskriminasyon nan Chili. Sitiyasyon Ayisyen yo nan Chili kontinye deteryore sou prezidan aktyèl la Sebastián Piñera, ki adopte yon seri politik ak retorik anti imigran. Kòm rezilta, depi fen 2015, Ayisyen kòmanse rive nan vil Meksik soti Chili pa milye ap tante fè wout pou rive sou fwontyè Etazini-Meksik.

Vwayaj mizèrere Ayisyen ak lòt imigran bije fè pou soti Amerik DiSid rive Meksik fè yo travèse plizyè milye kilomèt pase ant 7 ak 11 peyi an tou. Daprè fanm yo entèvyouwe yo pou Rapò sa a, vwayaj pou travèse Baryè Darien an soti Kolonbi rive Panama te pi rès nan tout peripesi yo pase paske zòn sa a se raje sèlman, li mezire yon santèn kilomèt forè twopikal pou yo travèse apye. Preske tout moun yo entèvyouwe yo pataje menm istwa a yo te viktim vòl nan Baryè Darien an. Volè yo pran tou sa yo te genyen: malèt, rad, soulye, manje, telefòn pòtab, ak lajan yo. Kèlke nan moun yo entèvyouwe yo te gen paspò yo yo vòlè tou. Tout eksepte yon grenn nan fanm yo te entèvyouwe yo di yo te pase ant 3 a 15 jou san manje, rive siviv gras ak sèl epi dlo rivyè yo te pran. Migran Ayisyen yo rive Tapachula an dezespwa bezwen rad, manje, swen sante, lojman, ak sekirite.

B. Nouvo Politik Anti Imigran Meksik ak Etazini

Depi w rive Meksik, tout etranje kapab aplike pou vin gen estati refijye nan *Comisión Mexicana de Ayuda a Refugiados* (“Komite Meksik pou Èd Refijye” osnon “COMAR”). Pandan y ap ret tan rezilta pou konn ki desizyon ki pran sou estati yo, migran yo ka fè demann pou jwenn yon *tarjeta de visitante por razones humanitarias* (ki rekonèt sou non “kat viza imanitè” osnon “TVRH”) nan men *Instituto Nacional de Migración* (“Enstiti Nasyon Migrasyon” osnon “INM”), ki pèmèt yo travay ak vwayaje pandan

yon ane. Jiska 2019, kèk migran Ayisyen te itilize kat sa yo pou vwayaje al Tijuana, Meksik nan lespwa pou yo antre Ozetazini. Gen lòt menm ki vwayaje atravè Meksik pou yo fè konnen yo “san peyi” oswa itilize yon *oficio de salida del país* (“pèmi desòti nan peyi a”) ki nan peryòd la te otorize gen yon pasaj san danje atravè Meksik pou apepre 20 jou. Selon yon etid *El Colegio de la Frontera Norte* (“COLEF”) te fè an 2017, Ayisyen konpoze 80 pousan migran k ap viv Tijuana, dapre chif 2016 yo, epi pi fò nan yo pran kat jou ou mwens pou yo rive la apre yo fin antre Meksik.

Pandan ete 2019 la, INM te kategorikman chanje bagay yo kifè yo te kòmanse espesifye pèmi soti yo se pou resipyan an kite peyi an sou zòn sid fwontye a, kidonk pasaj onò peyi sou fwontye Etazini-Meksik la te entèdi. Daprè moun k ap pratike nan Tapachula yo, INM te sispann bay *oficios de salida del país* fen lane 2019. Epitou, lwa Meksik di aplikan pa dwe ret tann plis pase 30 jou yo apwouve pou yon TVRH; li pran koulyea omwen si mwa, souvan pi lontan, pou yo bay youn. San dokiman sa yo, Ayisyen ak lòt migran ki swete vwayaje al sou fwontye nò a riske jwenn arestasyon epi pwobableman menm rive depòte.

Chanjman nan politik INM lan koresponn avèk menas Prezidan Ameriken Donald Trump an me 2019 pou enpoze tarif sou machandiz enpòte ki sot Meksik jiskaske migran san papyè yo sispann antre Ozetazini pa Meksik. Yon semèn aprè, gouvènman Etazini ak Meksik pase yon deklarasyon mityèl sou migrasyon “pou pran mezi san presedans pou kwape iregilyasyon sou zafè migrasyon,” asavwa depeche Gad Kòt – yon fòs sekirite dirije pa sosyete sivil la—sou fwontye Meksik.

Reprezay peyi Meksik sou migran eskalade an 2019, te resanti seryezman pa migran Ayisyen yo k ap antre nan peyi a sou fwontye sid la. Nan Chiapas, eta kote Tapachula ye a, INM arete 66 pousan plis migran ant janvyè ak septanm 2019 pase menm peryòd la an 2018. Ni moun k ap pledwaye ni migran, tout denonse desizyon INM pou arete migran yo, osnon sou kilè yo lage yo ni sou ki kritè yo depòte yo, tout demach la abitrè epi enflyanse pa ki apwòch gouvènman k ap deside an pran nan moman an. Kantite migran ki retounen oswa depòte sot Meksik ogmante 22 pousan an 2019 (141,223 an 2019 konpare ak 115,686 an 2018).

Ozetazini, lòt politik kraze zo ki gen kòm sous alabaz yo santiman rasis kont moun nwa, koz yo pa bay Ayisyen k ap mande azil yo pwoteksyon, sa kite yo separe ak fanmi yo pandan yon tan manch long, epi vyole dwa zimen yo tribò babò. Toutfwaw, pi fò fanm yo te entèvyouwe nan Tapachula yo pou Rapò sa a te gen lentansyon rive Ozetazini, san yo pa rann yo kont politik anti imigran Meksik avèk Ozetazini mete anplas la te anfèt fèmèn fwontye Etazini-Meksik pou migran Ayisyen.

C. Baryè kont Azil avèk Lòt Fòm Pwoteksyon Legal

Kwak chif egzak kantite Ayisyen k ap viv Tapachula an 2020 pa finman twò byen konnen, selon nati teren glise kesyon migrasyon an, yo estime l nan milye yo. Migran Ayisyen yo gen bezwen esansyèl men òganizasyon legal ak imanité yo ansanm ak ajans leta yo manke resous pou ede yo reyèlman. Pi fò Ayisyen ki rive Tapachula pa pale Panyòl, eksepte petèt detwa grenn mo. Pandanstan, kèlke oswa ankenn nan ofisyèl imigrasyon oswa biwo ONG yo nan Tapachula pa pale Kreyòl Ayisyen (“Kreyòl”) kidonk, migran Ayisyen yo gen difikilte konprann sistèm imigrasyon an epi kouman pou yo gen aksè ak rezò sèvis legal ak imanité ki disponib pou yo an.

Difikilte Ayisyen ak sistèm imigrasyon an klè lè w gade to derizwa dosye azil ak pwoteksyon konplèmantè COMAR apwouve. (Pwoteksyon konplèmantè otorize bay pèmi travay, men pa lofri mwayen pou regilarize ni pou jwenn petisyon viza fanmi). Men to ki te apwouve pou chak peyi pandan mwa Janvyè 2013-Me 2020:

- Ayiti: 20% apwouve (13% azil, 7% pwoteksyon konplèmantè)
- Venezwela: 98% apwouve (97% azil, 1% pwoteksyon konplèmantè)
- Ondiras: 67% apwouve (54% azil, 13% pwoteksyon konplèmantè)
- El Salvador: 71% apwouve (51% azil, 20% pwoteksyon konplèmantè)

Daprè founisè sèvis legal yo, yon konbinezon vyolasyon pwosedi yo, mank konpreyansyon COMAR sou kondisyon peyi DAYiti epi majinalizasyon Ayisyen yo, anplis obstak lang, tou sa koz to azil ki apwouve pou Ayisyen abitrèman ba. Selon lalwa, COMAR dwe trete dosye azil yo nan lespas 45 jou ouvrab, ki ka pwolonje pou 90 jou si gen sikonstans eksepsyonèl. An pratik, COMAR pran plizyè mwa jiska yon lane pou trete demann yo. COMAR souvan pran avantaj sou Ayisyen yo ki pa gen aksè pou pale nan lang pa yo ni gen konpreyansyon dwa yo pou mande pwolonje delè oswa ni gen konsyans y ap vyole pwosedi legal yo. An efè, li trè fasil pou wè kijan dwa yo vyole; sèlman detwa grenn fanm yo entèvyouwe yo pou Rapò sa a (sa ki pale Espayòl yo) konprann sa sa vle di azil, estati dosye yo, oswa si yo an danje pou depòte yo.

Anplis entèprèt kalifye ki manke, lòt barye fanm yo entèvyouwe yo nòmalmman idantifye gen arevwa ak: gwo reta COMAR pran nan bay desizyon l yo, difikiltte fanm yo pou yo kominike oswa mande èd nan biwo COMAR la, mank transparans sou pwosesis azil lan, epi nati aparamman abitrè desizyon COMAR yo. Lè yo mande yo sou zafè diskriminasyon nan pwosesis lan, yon dam di, “Lè nou ale nan biwo imigrasyon, yo pran ka lòt migran pi byen pase Ayisyen”.

Anplis, reta INM yo nan emèt TVRH yo mete fanm yo te entèvyouwe pou Rapò a nan yon eta sispann anba anpil peripesi pandan y ap ret tann dezespereman otorizasyon pou kite Tapachula, al jwenn travay epi/oswa vwayaje al sou fwontyè Etazini-Meksik. Anpil gwo koripsyon anndan INM lan se yon lòt obstak pou migran Ayisyen jwenn aksè ak papye imigrasyon. Selon founisè sèvis yo, ofisyèl INM yo souvan prije migran yo pou pran ant 10,000-15,000 peso (US\$458-\$688) nan men yo pou trete oswa ekspedye TVRH yo.

D. Zenofobi avèk Rasis Kont Moun Nwa OMeksik

Migran nwa ki soti Ayiti ak lòt nasyon yo pa sèlman fè fas ak vyolasyon dwa yo akòz estati yo kòm migran men tou yo sibi rasis OMeksik. Anpil nan fanm yo te entèvyouwe yo plenyen yo fè fas ak zenofobi ansanm ak rasis kont moun nwa nan lari Tapachula ak nan ajans piblik tankou COMAR. Gen yon dam yo entèvyouwe ki di “Deyò a, moun yo pa respekte w. Ou pa nan peyi w epi moun yo move kont ou. Si w gen yon bagay ki rive w, ou pa gen pèsòn pou eksplike sa”.

Naratif fanm yo konfime plizyè rapò nan media a sou migran Nwa yo ak demandè dazil yo yo trete pi mal pase resòtisan parèy yo ki soti nan Amerik Santral la. Genyen ki fè konnen yo “trete yo tankou zannimo.” Migran Ayisyen plenyen atitud rasis, zenofobi yo sibi nan men ajan INM nan sant detansyon imigrasyon yo nan Tapachula, kote yo menm rele Ayisyen yo kenbe yo “chen”, “twou dèyè.” Lòt fòm diskriminasyon

gen arevwa ak manje pouri ak vye dlo yo bay Ayisyen yo oubyen yo fè eksprè anpeche yo gen aksè ak twalèt ak douch yo. Gen yon mesye Ayisyen avèk yon fanm ansent Ayisyèn ki mouri an out 2019 apre yo te sibi anpil move tretman nan sant detansyon migran yo nan Tapachula.

Met sou rasis y ap sibi, Ayisyen nan Tapachula gen gwo poblèm pou rive entegre yo nan sosyete a paske Meksiken ak otorite yo pa konnen istwa ak kilti Ayisyen an, kidonk yo estereyotipe Ayisyen kòm kwa yo se refijye ekonomik, kivedi yon chay lou.

E. Lavi nan Izolman ak Mizè

Migran yo oblije degaje yo viv pandan y ap ret tann COMAR trete dosye yo, men sitiasyon sa a ekstrèmman difisil pou Ayisyen yo. Nasyon Zini bay chak migran ki mande azil US\$140 pa mwa, ki enkli timoun tou jiska twa mwa. Kòm dosye imigrasyon fanm yo trennen depase peryòd sa a, ti sipò piti sa a pa adekwat. Pi fò fanm yo te entèvyowe yo ak fanmi yo ap viv nan ti kay kraze an blòk degrennen ak de chann oswa nan apatman de etaj. Kay yo pa gen kwizinn ni mèb eksepte detwa grenn matla plat avèk kèk chèz kraze. Pi fò moun yo dòmi atè frèt la san kabann.

Gen sèvis sosyal ki disponib. Swen medikal debaz disponib gratis. Sepandan, anpil nan moun yo entèvyowe yo fè konnen yo pa fè swen yo jwenn lan konfyans epitou yo pat kab peye pou preskripsyon medikaman yo ba yo a, oubyen yo pa menm ka li dòz ki preskri an Espayòl la. Pa gen ankenn nan pitit moun yo entèvyowe yo ki ale lekòl, malgre majorite nan yo gen laj pou ale lekòl. Kote ki te gen sèvis disponib, pa ekzanp òganizasyon tankou *Servicio Jesuita a Migrantes* (“Jesuit Refugee Services” or “JRS”), moun yo entèvyowe yo pat konprann ni fè sèvis yo te ofri yo konfyans, oswa tou yo te gen difikilte gen aksè pou yo pale nan lang yo. Fanm yo te entèvyowe yo bay yon dividal rezon pou malèz yo resanti kifè yo kite kay yo Tapachula, tankou obstak pou pale lang yo, pa fanmi ak vil la, pri transpò bis, zenofobi avèk rayisans Meksiken yo, met sou bezwen yo pou pran swen pitit yo. Kòm rezilta, pi fò fanm yo te entèvyowe yo te santi yo bloke epi izole lakay yo.

Poblèm ki pi komen moun yo te entèvyowe yo te idantifye se mank pou patenè yo jwenn travay oswa pèmi pou travay. Yon dam te fè konnen mari l te dòmi devan garaj yon mekanisyen chak swa pandan kat jou paske li te tande yo t ap anplwaye moun. Moun yo te entèvyowe yo santi gen yon mank opòtinite anpati pou jwenn jòb akòz diskriminasyon ki gen kont Ayisyen ak moun nwa. Pa kapab travay, pi fò fanm yo te entèvyowe yo siviv sou yon ti kras lajan manm fanmi yo ap voye sot Ayiti oswa lòt kote pou yo. Yon dam yo te entèvyowe te pataje mo mari li sou sitiasyon yo, “Se tankou w mouri, men yo poko antere w”.

G. COVID-19

Kondisyon migran yo vin anpire akòz pandemi COVID-19. Fwontyè fèmèn, fwaye migran ak biwo COMAR yo fèmèn, anpil travay pèdi akòz pandemi a epi tout ralantisman ekonomik ki rive palaswit anplis tout difikilte ki ogmante nan jwenn aksè pou swen sante. Tout bagay sa yo deteryore kalite lavi a pou migran k ap viv oswa k ap fè tranzit Meksik.

Akoz pandemi an COMAR te sispann verifikasyon aplikasyon yo avèk egzekisyon kalandriye pou pwosedi yo endefiniman. Nan kèk ka ijan, COMAR ap fè entèvyou kalifikasyon nan telefòn, men defansè yo fè remake gen yon kantite dwa aplikan k ap vyole toutan pandan entèvyou sa yo, ki enkli tou dwa pou gen aksè nan lang ou. Anpil migran yo an dezespwa pou yo kite Tapachula, pati ale san tann papyè legal yo, pran avantaj ak siveyans ki diminye onivo barikad fwontyè a pandan kriz COVID-19 lan. Li trè pwobab sitiyasyon vyolans ak dezespwa sa a ap kontinye pouse moun yo migre vin Ozetazini, san yo pa rive nan destinasyon yo te fè lentansyon jwenn lan.

Gouvènman ameriken ap itilize pandemi COVID-19 lan kòm pretèks pou limite antre bay demandè azil yo Ozetazini endefiniman. Pi fò migran Ayisyen ki eseye antre Ozetazini jwenn arestasyon yo epi depòte san ekzamen pou konn si yo gen pèsekisyon oswa tètire ki ta ka rezon pou fè yo jwenn azil. Menm migran ki reyisi rive Meksik epi antre Ozetazini, souvan jwenn yon fen brital nan vwayaj yo te fè pou rive jwenn sekirite ak establite.

H. REKÒMANDASYON YO

1. **Asire gen aksè ak entèprèt Kreyòl Ayisyen nan tout reyinyon avèk COMAR.**

Etandone 80 pousan aplikasyon azil yo se Ayisyen ki depoze yo nan dat Mas 2020, fò omwen gen youn oswa plis entèprèt Kreyòl ap len tan ki dwe disponib nan COMAR epi fò tout notifikasyon alekri dwe tradwi an Kreyòl.

2. **Bay ajan COMAR yo fòmasyon ak lòt resous sou kondisyon peyi Dayiti.**

Bon jan konesans sou kondisyon peyi Dayiti ap ede jesyonè dosye COMAR yo anpil anpil nan mòd kesyon yo poze aplikan azil yo k ap pi koresponn epi y ap pi konprann demann azil yo ki an menm tan tou ap amelyore to reyisit dosye azil yo. Yo dwe fè jesyonè dosye yo swiv fòmasyon regilyèman epi ba yo resous fyab alekri.

3. **Ogmante kapasite COMAR pou l resevwa epi trete demann azil yo nan yon delè konvenab dapre direktif yo.**

Nouvo politik Etazini ki kenbe demandè dazil yo Meksik ap multipliyè dosye demann azil epi akable staf COMAR la ki deja mal ekipe epi manke resous. COMAR kontinye bezwen resevwa plis fon ki ka bezwen vini atravè UNCHR ki travay depre nan pote kole ak COMAR.

4. Elaji Definisyon Katajèn sou Nosyon Refijje a nan Kad Demann Demandè Azil Ayisyen yo Depoze.

Depwi tranbleman tè 2010 la, enstabilite politik ak vyolans, aktivite kriminel gang, enpinite k ap ferye avèk vyolasyon dwa zimèn fòse Ayisyen sove kite peyi a pa milye. Avèk sitiyasyon vyolans jeneralize ak kokenn vyolasyon dwa moun k ap fè laray, demann Ayisyen pou jwenn refij ta dwe kalifye pou Deklarasyon Katajèn OMeksik rekonèt yo.

5. Bay COMAR ak INM fòmasyon sou kesyon anti rasis ak anti Moun Nwa.

Fanm Ayisyen migran yo entèvyouwe pou Rapò sa a kwè yo sibi diskriminasyon nan COMAR ak INM paske yo se Ayisyen epi yo Nwa. Fòmasyon pou sansibilize moun yo sou kesyon anti rasis ta dwe fèt atoulè nivo nan COMAR ak INM avèk yon atansyon patikilye sou fòmasyon anti Moun Nwa pou demaske pratik ak tandans rasis ki nan fondman sistèm imigrasyon ak ajan imigrasyon yo.

6. Bay Ayisyen kat TVRH sou baz imanité/enterè piblik la rapid rapid.

Kwak aplikan pa sipoze ret tann plis pase 30 jou pou yo apwouve kat TVRH yo depi aplikasyon azil yo ankou, aplikan yo ret tann jiska si mwa pou yo jwenn kat TVRH yo. INM dwe redwi tan pou bay kat TVRH yo ki an pratik kab ede moun yo jwenn travay, al lekòl, jwenn swen sante.

7. Met anplas yon moratwa sou depòtasyon pandan pandemi COVID-19 la.

Tou senpleman pa gen ankenn mwayen san danje pou depòte moun; depòtasyon riske pwopaje maladi trè kontajye, trè fatal sa a nan mitan nasyon k ap resevwa depòte yo, kit onivo pasaje ki teste negatif pou COVID-19 k ap vwayaje ak sa ki pozitif pou COVID-19, ansanm ak moun ki sou teren ann Ayiti.

8. Asire Ayisyen migran yo jwenn aksè ak swen sante amelyore ansanm ak aksè pou sèvis tradiksyon an Kreyòl.

Secretaría de Salud (“SSA”) dwe fè jefò pou asire dwa sante migran Ayisyen yo respekte, ki enkli ba yo aksè kòm sadwa pou yo jwenn swen avan ak apre akouchman, swen ti bebe ki fenk fèt avèk sèvis pedyatrik ak entèprèt Kreyòl. INM lan an kolaborasyon avèk SSA dwe fè plis jefò tou pou asire migran ki nan detansyon yo gen aksè ak swen medikal.

9. Asire ajan COMAR ak INM yo mete an aplikasyon yon rega patikilye sou kesyon jan an nan tretman dosye yo.

COMAR ak INM dwe fòme ajan yo sou eksperyans fanm lan nan pwosesis migrasyon ki souvan diferan anpil ak pa mesye yo. Kesyon jan an dwe yon faktè ki pran an konsiderasyon lè y ap evalye aplikasyon azil yo, jan lalwa Meksik mande pou sa fèt.

10. Yo ankouraje òganizasyon imanité ak dwa zimen avèk founisè sèvis legal k ap travay ak migran Ayisyen nan Tapachula pou yo anplwaye entèprèt ki pale Kreyòl avèk/oswa ekip staf yo, depi sa posib, epi fè fòmasyon ak staf yo sou santiman anti rasis ak anti Moun Nwa.

Menm jan ak COMAR, òganizasyon imanité ak dwa zimen ansanm ak founisè sèvis legal nan Tapachula bonbade ak yon defèlman kliyan Ayisyen an 2019 ak 2020. Nou ankouraje founisè sèvis k ap travay ak migran Ayisyen yo pou yo anplwaye entèprèt ki pale Kreyòl oswa gen manm staf yo pou travay dirèkteman ak popilasyon sa a. Epitou, pou vizite kominote kote Ayisyen migran yo ap viv pou fè pwomosyon sèvis an Kreyòl. Yo rekòmande tou pou fè fòmasyon staf lan sou santiman anti rasis ak anti Moun Nwa pou idantifye epi elimine prejije ak diskriminasyon onivo òganizasyon ak endividi yo.

Anèks: pwofil kèk moun yo te chwazi pou entèvyouwe

Pwofil twa nan 30 migran Ayisyèn yo te entèvyouwe pou Rapò sa a enkli la a, pou mounize figi entèvyouwe yo epi dekri istwa migrasyon yo defason pi laj. Nou te seleksyone twa fanm sa yo paske repons entèvyou yo te patikilyèman detaye epi bay bon jan reprezantasyon naratif “jeneral” tout lòt fanm yo te entèvyouwe yo.

Premye Pwofil

“Marianne”¹ te kite Ayiti pou pwoteje enterè fanmi yo epi paske li te pè pou pwòp lavi pa l. Koulyea l ap viv nan yon sant refijye andeyò Tapachula, Meksik, gen sèt mwa ansent avèk yon nèg li kontre sou wout li nan vwayaj pou l rive Amerik Latinn. Fanm ansent lan te kite Ayiti pou al Chili paske li te pè sa k te ka rive pitit li si yo ta touye l Ayiti. Koulyea li pè sa k ka rive yo si li pa kontinye vanse pou pi devan.

Ann Ayiti, Marianne te travay kòm vandèz nan lari. Li pa jwenn twòp ledikasyon pase fanmi li pat kab peye ekolaj li, inifòm, avèk liv li te bezwen pou l al lekòl. Li te oblije kite lekòl lè li te gen 14 zan. Men, travay kòm ti vandè nan lari danjere, epi Marianne pat santi li te gen sipò kominotè pou ta pèmèt li siviv ann Ayiti. Apre yo te fin tire mari sè l, yon mèt magazen, epi paralize l, Marianne pran desizyon tèt chaje sa a pou l kite de pitit li ak fanmi l epi emigre al Chili.

OChili, Marianne te travay kòm kwafez cheve. Jiksa koulyea, li pran anpil fyète nan cheve l. Li te rankontre yon gwoup moun nan salon bote kote l te travay la ki t ap sanble lajan ansanm pou yo pati al Ozetazini. Yo chak te kontribye yon pòsyon chèk travay yo pou ede youn nan yo pati epi apre moun sa gen pou l voye kòb ak enfòmasyon pou pwochen moun lan kou l kapab. Marianne rankontre papa twazyèm pitit li pandan l te Chili. Lè kou pa l te rive pou itilize lajan gwoup lan sanble ansanm lan, koup la te deside Marianne t ap pati an premye epi patenè li pwomèt pou rankontre avè l Omeksik avèk voye plis kòb pou vwayaj lan.

Pandan vwayaj li apye pou l travèse Amerik Latinn lan, Marianne te pè pou l pa t akouche nan raje yo. Li te kòmanse vwayaj la ak yon gwoup, men li te vin separe avè yo lè li te kòmanse febli epi te blije ralanti. Te gen yon mesye ki rete ansanm avè l epi mennen l nan sant refijye Tapachula a.

Marianne pa fye swen sante Tapachula kidonk pa ta renmen akouche la nonplis. Epi tou, sa enkyete l anpil si l ta fè pitit li Meksik, kote li menm li pa yon sitwayèn, sa ka konplike sitiyoasyon l pi devan plis toujou. Kwak li rive jwenn kèlke sèvis nan UNCHR, li pa konprann ki dwa legal li genyen kòm migran Omeksik. Li toujou gen fanmi ki sou kont li ann Ayiti epi li detèmine pou l rive Ozetazini kou l gen papye nesèsè yo.

Kwak vwayaj lan te difisil, Marianne gen kwayans relijyon l ankre nan li kidonk kwè Bondye ap ede l rive kote l bezwen ale a.

Dezyèm Pwofil

Se tankou san ki koule nan vèn yo se pa li ki koule nan vèn pa nou. Yo gade w tankou w pa anyen pase w Nwa. Ou gen pwofesyon, men yo iyore w nè. –“Fabiola”

“Fabiola”² se yon enfimye, manman pitit, epi madanm devwe, ki fè lentansyon pou l mande azil Ozetazini kote li rete kwè l ap rive jwenn non sèlman sekirite, men l ap kab jwenn yon anviwonman sen pou l abite, bon jan opòtinite travay, epi pli enpòtan toujou yon edikasyon k ap pèmèt li mennen yon lavi kote l alèz. Li detèmine pou l fè kèlkelanswa sa k nesese a pou bay pitit li ak jenerasyon apre a libète ekonomik.

Malgre li fini inivèsite ann Ayiti epi l te etidye pou l vin yon enfimye, Fabiola pat fouti jwenn travay akòz kriz ekonomik la. Paske mari l t ap travay Brezil, yo panse fanmi l t ap byen mennen, kidonk yo te sible yo pou kidnaping ak ranson ann Ayiti. Apre li te fin sibi menas, Fabiola te bije al nan mawon epi sove al Chili an 2017. Apre 9 mwa Chili epi 11 mwa Brezil, fanmi an te deside fè wout al Meksik.

Fanmi an te vwayaje apye ak nan bis pandan de mwa pou rive Meksik apati Brezil. Yo te dòmi nan raje, nan bis, pafwa tou nan otèl. Yo rankontre volè nan bwa yo ki te fòse yo bay US \$500 ki kite yo san manje pandan kat jou. Gen mwayen pi fasil pou moun vwayaje, men san viza, fè vwayaj yo yon kalvè. Fabiola t ap reflechi sou vwayaj pou rive Meksik lan, “Wout sa se pa bagay moun ta dwe gen pou fè. M pa rekòmande l bay pèsòn. Men, nou te oblije. Pa gen ankenn pwoteksyon ann Ayiti, nou te oblije al chache lavi miyò.” Fabiola depann sou lafwa l avèk pawòl lòt moun pou l mennen fanmi l Meksik.

Jou ki te 11 oktòb 2019, patwouy sou fwontyè a te repere Fabiola ak fanmi l ki te nan bis pwal Tapachula men “gras Bondye” yo pat arete yo. Malgre tout mizè yo pase, li di Bondye mèsi pou fòs ak volonte li ba l fè l rive Meksik anbyen. Sepandan, lavi Meksik lan pa bon menm.

Fabiola plenyen migran Nwa yo viktim anpil defason demezire nan fè yo peye plis pou fè makèt nan lari a konpare ak Meksiken moun parèy yo. Li santi tou tankou vwa Ayisyen yo pa tandè nan biwo leta yo. Pa ekzanp, yon lopital piblik bal yon move preskripsyon pou laj pitit li an pou trete bwonchit li genyen. Fabiola santi l fristre tou pou pogrè ki pa genyen menm “An de fwa n ale nan òganizasyon dwa zimen yo epi eseye pledwaye pou tèt nou. Vandredi an la, nou ale nan biwo dwa delòm, yo di nou bezwen jwenn estati ka nou an nan biwo imigrasyon. Nou ale yè ankò nan biwo imigrasyon, yo pa gen ankenn mizajou pou nou.”

Dezespereman ap wè si la rive jwenn mande azil Ozetazini, lavi nan peyi Meksik pote depresyon sèlman nan yon fanm ki te janm, plen anbasyon, ledikasyon ki t ap degaje l fè yon karyè kòm enfimye. “Gade nan ki eta nou ye la a, chita atè, ap dòmi atè, pa gen chèz. Nou bezwen papyè pou n kite Tapachula pou n ka jwenn travay, mete fen ak sitiasyon sa a.”

Twazyèm Pwofil

“Marie-Flore”³ se yon fanm Ayisyèn k ap viv Tapachula jounen jodia ak mari li epi pitit gason yo ki gen wi mwa. Tou twa ap pataje yon chanm kay yon zanmi. Ann Ayiti, Marie-Flore t ap etidye pou l vin yon pwofesè twazyèm ane primè.

Pati ki sou pouvwa Ayiti a se *Pati Ayisyen Tèt Kale* (“PHTK”). Yon manm pwòch fanmi Marie-Flore se kowòdonatè pati politik opozisyon an. Manm PHTK te menase y ap touye mari li akòz lyen politik fanmi an, epi yo te tante touye l plizyè fwa. Lè manm PHTK pat kab jwenn li, yo te kòmanse menase lavi pa l dirèkteman, kidonk Marie-Flore te al jwenn mari l Chili.

Marie-Flore ansanm ak mari li te premyèman sove al Chili, men vin kite an novanm 2019 akòz diskriminasyon rasyal. Yo te vwayaje al Pewou epi pase Ekwatè, Kolonbi, Panama, ak Kosta Rika pou yo rive Meksik.

Fanmi an pase 18 jou fyèl pete ap mache nan raje Kolonbi pou rive Panama. “Bagay yo te rèd,” Marie-Flore di nou. “Nou te wè moun ki mouri sou wout la epi te gen vòlè ki vòlè manje ak lajan nou. Yo te menm vòlè manje ti bebe n. Nou pase sèt jou san manje men nou te gen sèl kidonk nou chache dlo, nou ajoute sèl la epi nou te bay bebe a.”

Nan Kosta Rika, Marie-Flore te tonbe malad epi entène lopital. Li toujou ap soufri ak doulè anba ti vant li ak doulè do akòz jounen rèd li te sibi nan vwayaj la. Apre yon mwa, fanmi an te travèse rivyè Gwatemala a pou antre Meksik. Yo te pase premye 11 jou yo nan sant detansyon Meksik.

Marie-Flore te sibi mwens diskriminasyon rasyal nan peyi Meksik konpare avèk lòt kote nan Amerik Disid lan, men ap debat pou reponn ak bezwen debaz li tankou jwenn manje, dlo, ak asenisman. Obstak langaj lan anpeche echanj ki ta ka genyen avèk sitwayen Meksiken yo, men Marie-Flore rete konekte ak manm kominote Ayisyen ki nan Meksik yo. Marie-Flore ak mari li chache travay men poko janm jwenn okenn chans jiska koulyea. Li swete ta gen plis sipò vizib bò kot gouvènman Meksiken an ansanm ak plis opòtinite travay.

Katriyèm Pwofil

Warsan Shire te di yon lè “Pa gen pèsòn k ap kite lakay yo si lakay yo pat fyèl pete.” Pawòl sa rezone avèk ka “Darlene”⁴. Darlene pleyen fè konnen peyi kote l moun, Ayiti, ap kwoupi anba mizè, krim, ak vyolans, rann lavi chak jou li lòt bò sa a yon male pandye, mabyal. Darlene te pale sou enstabilite politik ak dezaz natirèl k ap ravaje ti nasyon ki deja ap goumen wè si la kanpe. Kifè, sa koz li te kite an 2001 al Repiblik Dominikèn.

Darlene se yon fanm laj mwayen ki pa gen pitit pa l men te pran responsablite yon ti gason ki gen 16 zan koulyea. Ti gason an vle vin yon mekanisyen, fè vwayaj lan ak li depi Chili rive Meksik. Lè Darlene t ap grandi, bagay yo pat fasil. Manman l te responsab sèt pitit poukont li.


Darlene te kite Repiblik Dominikèn ale Amerik Disid, li te vwayaje soti Ekwatè ak Brezil pou rive Chili, kote l te jwenn travay. Pandan tan l te fè Chili a, li te rive sipòte manman l ki toujou Ayiti. Men, sa pat dire lontan. Twoub sosyal, manifestasyon, ak piyaj te ravaje peyi a. Li te pèdi travay li epi pat kapab peye apatman l. Li ta sanble tout kote lale, Darlene pat jwenn chans gen lavi li te reve a. Sepandan, li pat sispann poutèt sa, li kontinye pèsèvere. Pwochen vwayaj li se te vin Meksik.

Vwayaj pou rive Meksik lan te danjere. Darlene “te pran raje”, ki se yon tèm yo itilize pou dekri vwayaj yo nan bwa Kolonbi ak Panama. Yon lane apre vwayaj li, pye Darlene gen blese mak vwayaj li te fè a toujou. Vwayaj lan te dire 15 jou kote li te dòmi nan raje. Lè lapli te tonbe, 5 granmoun ak yon ti bebe 18 mwa nan gwoup la te nwaye nan dlo ki te desann. Li menm ak gwoup la te kontre ak vòlè epi sèl opsyon yo se te bay tout lajan yo pou yo pat touye yo. Sa koz yo te pase 12 jou nan grangou.

Pandan Darlene ap tann papye li nan Meksik lan la, l ap viv gras lajan sè li voye ba li k ap viv Repiblik Dominikèn. Li detèmine pou l pa retounen Ayiti, “Nou pa ka travay. Yo t ap kidnape moun ann Ayiti epi si w pa gen lajan, yo vyole w, yo kouche w nan vajan w, nan dèyè w jiskaske w pèdi konesans. Se sa k fè m kouri kite l la wi.”

Notes

- 1 Entèvyou ak fanm migran “BB003” nan Tapachula, Meksik (1 7 mas 2020).
- 2 Entèvyou ak fanm migran “AB003” nan Tapachula, Meksik (1 7 mas 2020).
- 3 Entèvyou ak fanm migran “SG003” nan Tapachula, Meksik (1 7 mas 2020).
- 4 Entèvyou ak fanm migran “CAE006” nan Tapachula, Meksik (1 7 mas 2020).





CENTER FOR
Gender & Refugee
STUDIES